

NÒT: Sa se yon tradiksyon an Kreyòl. Dokiman orijinal la te an angle. Si gen yon dekalay, itilize dokiman orijinal la.

Analiz sou dwa moun ak ONI mete limyè sou lakin Ayiti selon plizyè ekspè.

MOUN KI FÈ L: SAM BOJARSKI

4 FEVRIYE 2022

VIL NOUYÒK – Yon reponsab gouvènman ayisyen an di peyi a fè pwogrè nan sektè jistis ak pwoteksyon dwa sitwayen yo. Nan yon diskou yo anrejistre ki fèt 31 janvye devan konsèy dwa moun nan Nasyonzini, minis jistis la Berto Dorcé te tou pataje yon plan pou goumen kont vyolans gang yo.

Poutan obsèvatè yo deklare detay ki nan twazyèm analiz peryodik òganizasyon an sou peyi a montre kisa pou Ayiti fè pou l pwoteje dwa moun sitwayen yo genyen.

Nan yon deklarasyon, Mario Joseph ki se avoka direktè yon enstitisyon benevòl ki rele Enstiti pou Jistik ak Demokrasi an Ayiti (IJDH) di : "Gouvènman ayisyen an gen anpil travay pou l fè pou l valorize dwa moun pèp ayisyen an. Kèk fwa sa mande pou w chanje fason w aji, tankou nan konplisite masak dwa moun, dezòd lapolis, koripsyon ak movejesyon sistèm jidisyè a."

Nan yon diskou vityèl Dorcé fè ak ONI, li di gouvènman ayisyen an mete yon inite anti-gang nan lapolis la epi yo pral mete plis polisye ki ka nan 15 500 jiska 20 000. Li tou pale de pwogrè gouvènman fè nan sektè jistik nan senk dènye ane ki sot pase yo.

Dorcé di, "Pil tan detansyon prevantiv te yon gwo pwoblèm pou peyi a ak sistèm penitansye a." Dorcé fè yon ti pale tou piti de sisplè nan asasina Moise la yo kenbe san chaj sou yo ke jij ap analize.

Dorcé di, pou rezoud detansyon pwovizwa a Konsèy Nasyonal Asistans Legal la ki fèt nan fen ane 2018 la, libere 1 103 moun.

Nan kad efò k ap fèt pou goumen kont pwoblèm moun ki pa gen kay ak timoun y ap maltrete depi 2017, gouvènman an reyini 165 ki pa t gen kay ak paran yo epi yo analize 304 fwaye timoun k ap sibi vyolans, se sa Dorcé di. Li di tou gen plis ke 1000 ki fèmen.

Dorcé pran yon angajman klimatik tou.

"Gouvènman peyi a pran angajman pou li pran kèk mezi pou li desann jiska 30% gaz ki degaje nan lè a disi ane 2030," selon sa l di, lè l pale de siyati Ayiti nan konvansyon 2017 la. Akò Pari sou Klima. "Siyati Ayiti bay la montre efò Ayiti ap fè pou devlope yon bon klima."

Plis travay dwe fèt sou dwa moun

Pwosesis pou analize dwa moun Nasyonzini an valab pou tout eta ki manm yo sòti nan ane 2017 jiska 2022. Nan semèn ki vini anvan egzamen ki fèt chak peryòd yo, gen yon gwoup k ap travay ki fè yon rapò ak kèk rekòmandasyon. Selon kalandriye ONI an ki pale de pwosesis la. Yo poko pibliye rapò sa men gen anpil ekspè ki kritike lakin gouvènman Ayisyen an pou garanti dwa moun.

Ekspè dwa moun yo bay nòt ki di te gen kote pou pwogrè fèt nan sa Dorcé pale de yo a. Nan yon mesaj nan Haitian Times, Alexandra Filippova ki se avoka prensipal IJDH di, an gwo gouvènman ofri yon "egzaman optimis" sou pèfòmans li nan zafè dwa moun.

Li pale de mank responsabilite kont moun ki te fè masak Lasalin an 2018. Li pale tou de fo temwen, de pwoblèm ki gen nan lajistis ki te atire atansyon entènasyonal la aprè asasina Moïse la.

Nan fen ane ki sot pase a, preske [20 000 ayisyen](#) te deplase nan peyi a akòz vyolans gang yo avèk kèk fanmi tou nan Sidwès peyi a ki pa gen kay akoz tranbleman de tè a.

Nan mitan ane 2021 an, to moun ki nan detansyon pwovizwa pami 11 580 moun ki nan prizon an Ayiti a te 82% selon rapò IJDH ak rezo nasyonal defans dwa moun (RNDDH) te bay ONI.

Rapò ki te bay anvan egzamen ki fèt chak peryod la te pale tou de pwoblèm ki genyen nan masak sivil. Depi novanb 2018 gwoup defans yo jwenn 18 masak ki fèt sou sivil kote plis pase 500 moun mouri epi 1,5 milyon kite kote yo te ye a.

Lòt krim medya pale anpil de yo tankou asasina prezidan bawo Pòtoprens lan an 2020, Monferrier Dorval, pa gen moun ki al nan prizon pou yo selon yon rapò.

Kèk pwoblèm tankou, resous jidisyè ki manke, ensekirite ak Prezidan Jovenel Moïse ki chanje tout jij Kou Kasasyon yo vin bay plis pwoblèm nan defi ayiti genyen nan zafè responsabilite jidisyè ak enpinite selon sa Joseph di nan ONI nan fen ane ki sot pase a.

Selon Filippova, kominote entènasyonal la te ka bay plis èd pou ranfòse responsabilite jidisyè, men fòk gouvènman an ta angaje l plis epi fòk ta gen ankèt sou moun ki ladan l yo tou.

"Sa tou ta ka mande se pou yo ta ofri plis soutyen nan yon fason ki ranfòse kapasite lokal yo pandan y ap ofri konpetans mediko-legal ak resous pou kapab wè krim ki kache yo selon sa Filippova di. "Kominote entènasyonal la ka sèvi kòm resous isit la si li travay ak avoka epi jij ayisyen pou dwa moun pou ede konble lakin nan sa ki gen rapò ak kapasite. Fòk gen mezi ki pran pou rann pwosedi yo pi fasil epi mete yo an kreyòl."